



### CHÈ PARAN,

Pitit ou pral patisipe nan pwogram akademik pou prevansyon abi, **Safer, Smarter Kids** (Timoun ki pa an danje e ki pi entelijan) an, ke Lauren Book, M.S.Ed., devlope ansanm avèk yon sikològ ki espesyalize nan domèn devlopman e ak edikatè pwofesyonèl, nan klas pre-matènèl ak klas jadendanfan l la pandan semenn k ap vini yo. Pwogram akademik sou prevansyon abi a ki apwopriye pou nivo devlopman elèv yo, pral ede pitit ou devlope estrateji ki nesèsè pou l evite yo abize l fizikman ak seksyèlman, san nou pa antre nan twòp detay e san ke sa pa fè pitit ou pè.

Paran ak lòt granmoun responsab yo vle pwoteje timoun yo kont moun ki ka fè yo mal, sepandan li pa posib pou sipèvize timoun 24 sou 24. Pwogram akademik **Safer, Smarter Kids** (Timoun ki pa an danje e ki pi entelijan) an, pral aprann pitit ou fason li ka diminye chans pou yo abize l ak fason pou l jwenn èd nan men lòt moun, si li ta bezwen l.

Nou anseye pwogram akademik la nan sis leson ki entegre aktivite k ap fèt nan saldeklas la ak videyo sou Lauren Book. Lauren Book, yon viktim ki siviv abi kont timoun, yon defansè pou prevansyon abi kont timoun, yon edikatriks nan lekòl elemantè gen yon metriz an syans edikasyon (M.S., Ed), e li se prezidan ak direktрис jeneral fondasyon Lauren's Kids. Men kèk nan sijè timoun yo pral aprann: limit kòporèl, respekte tèt yo ak lèzòt, koute « Ti vwa k ap dirije » yo a epi fè yon granmoun yo fè konfyans konnen lè gen yon sitiyasyon ki ba yo konfizyon oswa ki mete yo malalèz.

Si w gen nenpòt kesyon sou pwogram akademik la, tanpri kontakte pwofesè pitit ou a. Si w ta renmen aprann plis enfòmasyon sou pwogram akademik la oswa si w ta renmen revwa pwogram pou paran **Safer, Smarter Kids (Timoun ki pa an danje e ki pi entelijan an)**, pou ka gen plis enfòmasyon sou sijè ki kouvri nan pwogram akademik la, tanpri ale sou sit Entènèt la nan SaferSmarterKids.org.

Mèsi,

Lauren Book, M.S.Ed.  
Fondatris/Prezidan ak Direktрис Jeneral, Lauren's Kids

### ENFÒMASYON SOU LAUREN'S KIDS:

Se Lauren Book, yon pwofesyonèl ki gen yon metriz an syans edikasyon (M.S. Ed.) ki fonde Lauren's Kids. Òganizasyon an edike granmoun ak timoun sou sijè abi seksyèl atravè yon pwogram akademik ak nan bay konferans atravè lemonn. Objektif Lauren's Kids se pou kreye yon monn kote pyès moun pa tolere okenn abi kont timoun ni okenn eksplwatasyon timoun. Lauren's Kids se yon òganizasyon ki pa travay pou pwofi ki gen estati fiskal 501(c) (3).

